

Demen se dènye jou pou aplike pou lekòl segondè!

Chè fanmi,

Demen, **11 mas la se dènye jou pou aplike pou lekòl segondè**. Voye aplikasyon w lan ale, epi si se ka a, enskripsyon LaGuardia ak [odisyon vityèl](#) ak/oswa nenpòt [lòt materyèl anplis](#), youn nan twa fason sa yo:

- **Sou entènèt** avèk [MySchools](#) pou pi ta demen a 11:59pm. Ou ka aplike sou entènèt nan lang Arab, Bangla, Chinwa, Angle, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, oswa Oudou
- **Atravè konseye lekòl pitit ou a genyen kounye a**. Opsyon sa a disponib pandan jounen lekòl la.
- **Nan yon [Sant byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#)**—chèche orè ak adrès yo nan lyen (link) an.

Sonje, aplike nan 12 pwogram epi mete yo sou lis nan aplikasyon ou an nan lòd ou pito a, avèk premye chwa w la kòm #1.

- **Si w te deja voye aplikasyon w lan ak lòt materyèl anplis ale, ou fini !** Pa gen anyen ankò ou gen pou fè kounye a.
- **Si ou poko aplike, sonje pou fè sa nan delè demen an!** Sonje tou pou voye nenpòt materyèl anplis ale.

Ou gen kesyon?

- [Gade yon videyo aktivite vityèl nou te fè nan mwa mas la](#)—n ap ba w eksplikasyon sou kòman pou w kreye yon aplikasyon byen balanse ak kòman pwogram yo fè elèv òf, ladan pwogram ki fè evalyasyon yo.
- Jwenn plis enfòmasyon epi gade videyo machasuiv MySchools yo nan [schools.nyc.gov/High](#) ak [schools.nyc.gov/SHS](#).
- Èske w bezwen sipò avèk MySchools oswa avèk aplikasyon w lan, oswa lòt kesyon sou admisyon? Pale avèk konseye lekòl pitit ou a oswa estaf [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE)

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](#). **Si w vle retire non w sou lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè**, tanpri klike [la a](#).